ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM 24 июль 2025 год № 14 (582)

ОРДЕН «ЗА ЗАСЛУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ


...я считаю что эта газета должна быть
4.05.2004.
А.-Х. Кадыров

ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

БУСАЛБА ДИНАН ІИЛМАНАН ДАЙН ИСТОРИ

ИМАМ АХЬМАД

Хьадисана тІетевжинчу нехан байракх ойъий гучаволу, шен заманахь дуьненахь гІаравьлла волу воьалгІа имам – Ахьмад ибн Хьанбал. Имам Ахьмад шен заманахь гІараваларца, хІокху шийтта бІешарахь а «Имам Ахьмад» аьлча Умматехь массарна а вовза а вевзаш, вовзарал а сов дукха а везаш, шен цІе йаькхича, «Дала къинхетам бойла сийдолчу Хьанбалан воІах Имам Ахьмадах!» а олуш схьавогІу. Имам Ахьмадан бусалба нахана йуккъахь йаьржа цІераш: «хьадисан имам» а, «хьадисан Іилманчийн эла» а. Іилма лохуш Ахьмад кхочу шен заманахь бусалба нах бехачу мехкашка. Оцу шен некъашца Ахьмада дукхха а пайдаоьцу Іилманехь, иштта доьалгІачу мазхІабан («Хьанбалан мазхІаб» олий даьржа дуьненахь) да хуьлий хІутту иза. Іилманан кІорге хиларца а, къаьсттана хьадисан Іилманехь, цхьаццаболчу нехан ойланаш а, хьежамаш а керчаш йолчу хенахь, шена биллгал схьагуш йолчу бакъонна тІера цавалар бахьана долуш а, боккхачу лерамца дерриге а дуьненахь гІараволу Ахьмад. Таханлера де тІекхаччалц Имам Ахьмадах лаьцна жайнаш ду йаздеш. Ахьмада хьадисаш гулдеш йаздина «Муснад» цІе йолу жайна хьадисийн жайнех коьртачех хилла дІахІутту дуьненахь.

Имаман йуьззина цІе: Ахьмад ибн Мухьаммад ибн Хьанбал аль ХІилал ибн Асад ибн Идрис ибн ІабдуллахІ ибн Хьайан, ибн ІабдуллахІ ибн Іауф ибн КъаситІ ибн Мазин ибн Шайбан ибн ЗухІл аш-Шайбани.Ткъа цхьаболчара йоккхуш хилларг – Абу ІабдуллахІ.

БІе кхузткъе доьалгІачу шеран РаббиІуль аввал баттахь БагІдадехь дуьненчу волу Ахьмад. Ахьмадан да-нана Марва олучу шахьарахь дехаш хуьлу, ткъа цуьнан нана кІант дуьненчу валале БагІададе дІакхелха. Ахьмадан да Мухьаммадибн Хьанбал хорасанан эскаран бабча хуьлу, шен ткъе итт шо долуш дІакхелха иза. Ибн аль-Джаузис йаздо: «Имаман Ахьмадан да тІеман сийлахь говзанча вара».Иза вуно чІогІа майра а, доьналла долуш а тІемало хилла. Шен дегара и сийлахь куьцаш а, сибаташ а, говзалла а кхочу Ахьмаде, харцо бакъонах къасто а, цхьана а меттехь ийза а ца луш, дурс-аьлла бакъдерг дІаала доьналла а, къонахалла а хуьлу Ахьмадехь ша дуьненчохь йоккхучу йерриге а хенахь.

Ахьмад санна волу къонах кхиош коьрта дакъа нанна кхочу дукхахьолахь. Ахьмад ша «Бану Шайбан» олучу Іаьрбийн тайпанах вара. Бану Шайбан Іаьрбийн тайпанашлахь хаза гІиллакх долуш а, цІена орам болуш а девзаш дара.«Бану Шайбан» шайн тайпанан нахана йуккъера доьналла долуш къонахий, дика нах бевлла, иштта, хаза гІиллакх долуш лулахой а хиларца, тоьлла тайпа лоруш хуьлу.

Ткъа нана «Бану Іамир» тайпанах хилла, хьаша-да лерамца, чІогІа тІелоцуш билгалдаьлла тайпа хуьлу иза. Цуьнан ненан цІе Сафийат бинт Маймуна бинт Іабдул-Малик аш-Шайбани йу. Ахьмад гуттар жима а волуш, шен ткъа шо бен доцчу хенахь, цІийнда дІа а кхелхий йуьсу Сафийат. Цуьнан хенахь йисина зуда маре йоьдуш (шена кхечухьа хІусам нисйеш) Іадат дара, амма Сафийат шен цхьаъ бен воцу кІант, Умматехь хинволу имам кхиош а, иза кхобуш а Іа.

Имама Ахьмада дагалоьцу: «Со шен дегІаца волуш Хорасанера БагІдаде схьакхелха нана. Кхузахь дуьненчу ваьлла. Сайн да а, деда а гина вац суна цкъа а». КІант кхиоран дукъ Сафийатан белшаш тІе дужу. Цкъацкъа бераш кхиорехь зударша хьоьгучу къинан лахара мах хадабо.

Дуккхахболчу баккхийчу Іилманчийн дахарера билгал долу, Іилма Іаморе шовкъ цаьргахь кхоьллинарш, Іилманан, гІароллин, сийлаллин лакхене уьш хьалабаха дог-ойла царна йелларш, кийрахь и коьрта гІад кхиийнарш церан наной хилар. Ахьмадах имам варехь боккха тІеІаткъам а цуьнан нанас бо, оцу некъана коьрта бухбуьллу цуо.Бусалба динан синхаамехь кхиаво цуо шен кІант, нийса мехаллаш чу а йохуш, деша дог а доуьйтуш, Іеламнехан гуламаш бовзуьйтуш, массо а агІор гІорторашйеш. Имам Ахьмадана хазахетара шена дукхайеза нана дагалоьцуш: «Сан нанас жима волчу хенахь лергех Іуьргаш а даьхна, деза жовхІарш оьхкира суна. Жимма кхиъча уьш ткъе итт дирхІамах дІадоьхкира ас». Схьахетарехь, божаберана лергах хІума оллар Хорасанера схьаэцначух тера дара нанас, Іаьрбийн ламастехь билгалдаьлла хилла дац и тайпа белхаш.

Жима волуш дуьйна Ахьмад вевза массо а агІор хазачу, тоьллачу, оьздачу гІиллакхца, иштта хазачу йозанца а. Имам ибн аль-Джаузис шен «Манакъиб имам Ахьмад» жайнахь даладо Ибн Іафифан дешнаш: «Наха сих-сиха Ахьмад шайна воьхура, цхьацца кехаташна жоьпаш йаздайта. Шен йерриге а ойла ша бечу балхана тІе а йохуьйтий, жоьпаш йаздо цуо кехаташна. Цкъацкъа цуьнга бух боцург дийца долийча, хІара-хІара магийна дац, оцу хьокъехь ша цхьа а элп йаздийр дац, олий йухатуху.

Ша санна долчу берашна йуккъехь билгалхуьлу Ахьмад шен собарца, ладамца, ледара а, товш доцу хІума а цадезарца, цунна дуьхьало йарца. Бераллин шерашкахь велахь а, вуьззинчу стеган гІиллакхаш а, амал а йара Ахьмадехь. Цуьнгахь долчу баккхийчу нехан гІиллакхаш бахьана долуш, и вевзинчу баккхийчу Іеламнаха тидам бо цуьнан. ХІайсам ибн Джамила олу цунах лаьцна: «Нагахь санна оцу кІентан оьмар дуьненахь жимма а йахлахь, цуьнан дешнаш наха тоьшаллина лелош, бух балош пайдаоьцуш хир ду». Ахьмадан хазачу гІиллакхах, леларх, берашна йуккъехь билгалхиларехь шен самукъадаьлча, Сираджа ибн Хьузаймас олу: Ас сайн бераш массо а агІор аьтто беш, царна оьшург оьцуш, хьехархой лоьцуш, царна мах латтош, хІун дича цара дика доьшур дара, царах хаза, лакхара, сийлахь гІиллакх долуш Іеламнах хир бара-те бохуш лелош бу. ХІетте а суна ца тосало уьш иштта дІагІерташ. Амма, оцу Хьанбалан Ахьмаде хьовсийша, иза мел сийдолуш ву массарна а йуккъехь, цунах хир ву хьуна воккха Іеламстаг!».

Іилманна тІаьхьа Ахьмад доггах жима бер долуш дуьйна волу. Къона волчу заманахь цуо лоцу хьадисан Іеламнах шен Іалашоне. Оцу заманахь хьадисан Іилма Іамош дуккха а мехкаш гездеш некъ бан безар буй хаьа Ахьмадна, и некъ дІабахьа атта дацара кхуьуш волчу жимачу стагана, тІедогІуш рицкъ а доцуш, дуккха а хІума лан а, листа а, муьлххачу а тІехІоьттинчу хьолехь собарца, кхетамца чекхвала везий хаьа цунна. Иштта чІоггІа сацамбо цуо хьадисан Іилманча хила. Къона волуш дуьйна дІаволало иза хьадисаш дІайаздан, хьакъ бол-болчу Іеламнахера. Дуьхьарлера хьадис Ахьмада дІайаздо Къади Абу Юсуфера (Аль-Хьанафи), цуо иза билгал а доккху шен йозанашкахь: «Дуьххьара ас хьадис схьаэцна стаг – иза Абу Юсуф вара».

Ахьмад хьадисаш Іамо волало Іиракъехь а, Шемахь а, Хьиджазехь а болчу гІарабевллачу массо а хьадисан Іилманчийн мутаІелам хиллалц. Ибн аль-Джаузис мааллара, имаман Іилма Іаморан йуьхь БагІдадехь дІайолало. Цигара Куфате, Басрате, Макка, Мединате, Йемене, Шема, аль-Джазире кхочу иза. БагІдадехь шен йалхитта шо долчу хенахь Ахьмад волало хьадисан Іилма Іамо шен хьалхарчу хьехархочуьнца ХІушаймица(ибн Башир ибн Аби Хьазим). Пхеа шарахь цуьнца доьшу цуо, иза дІакхалххалц. ХІушайм дІакхелхинчул тІаьхьа Ахьмад араволу массо а махка воьдуш. Цуо хьахадо: «Гуттар жима волуш дешарна хьадисан Іилма Іамо аравала дагахь мел хуьлу а нанас сацавора, ша олуш: Собарде, хьан хан хилаза йу, ламазана кхойкху хан хиллалц, сатассалц собарде!».

Ахьмад новкъаволу дуьхьара Басрате, цига иза пхоьазза а воьду, наггахь йалх бутт боккхуш а, кхин сов а Іа иза, цигахь Іилма Іамош. Иштта пхоьазза хьаьж а до Ахьмада. ХьаьжцІа ваханчу хенахь ШафиІица цхьаьнакхийтира иза. Цуьнгара фикъхІан (юридикан)Іилма Іамадо Ахьмада.

Оцу Хьиджазе ша бинчу некъах, цхьацца шена тІеІиттабеллачу балхех лаьцна дуьйцу Ахьмада: «Пхоьазза ХьаьжцІа вахара со. Цкъа гІаш цига воьдучу хенахь, новкъахь тила а велла, мохь беттара ас: Во-о Делан леш, некъ гайтахьара аш тхуна! И мохь беттачуьра ца сецира, новкъа нисваллалц». Оцу новкъахь араваьлла лелаш цхьацца цамгаршца, мацаллица, рицкъ чакхдаьлла дуккха а баланаш лов Ахьмада. Цхьацца йохк-эцар лелош болчу нехан белхаш деш а, рицкъ даккха дезаш меттигаш а нисло мутаІеламна шен некъан гаттонехь. Сане воьдучу хенахь, имам Іабдур-Разакъ гІолаца гІурту Ахьмадан: «ХІай Абу ІабдуллахІ, дІаэца хІара хьайна пайдаэца. ХІокху мехкашкахь хьуна кхечу агІор хила пайда а, гІо а дац хьуна».

Ахьмада жоп ло Іабдур-Разакъна: «Со дика ву, кхачам бу массо хІуманна а». Оцу халчу хьолехь, цхьана а дена шен дагара ца хоуьйтуш, кхин шен йахь дІа ца луш, шина шарахь лела иза. ИбрахІим Давракис дуьйцу: «Іабдур-Разакъ волчуьра Ахьмад Макка схьавеанчу хенахь, тІехь бос а боцуш, гІелвелла, азвелла, худа а велла вара. ТІе ма-хьажжи а гуш дара, цунна хилла ницкъ, гІелйина могашалла а. Оцу хьолехь Ахьмад гича ас олу цуьнга: ХІай ІабдуллахІ, ахь ма чІогІа ницкъ бина хьайна, Іабдур-Разакъ волчу ваханчохь?»

Ахьмада жоп ло суна: «Іабдур-Разакъах суна баьллачу пайдане а, Іилмане а ладоьгІча, хилла ницкъ а, хало а, бала а хІума а доцу хІума ду-кх».

Амма, ша имам хилла, чІагІвелла ваьллачул тІаьхьа а саццаза къахьоьгура Ахьмада, дийнахь а, буса а, кІадвалар, гІелвалар, сацар, хІоттар хІун ду а ца хууш. Хьадисе болчу безамо цІеран алу шех йиллина долу имаман дог йуха ца доьрзу иза велла дІаваллалц. Цхьамма хотту Ахьмаде: «ХІай ІабдуллахІ, хьо хІинца кхин хІумма а тІеоьшуш доцуш, воккха Іеламстаг, бусалба нехан имам хилла ваьлла ву. Жимма садаьІча мегар дацара?»

- Коша чу верззалц Іилма лохуш а, и Іамош а, даржош а болх бан ойла йу. Къолам а, шекъа а сайца коша хьур ду, Делан пурбанца!», олу Ахьмада.

Имам Ахьмад кхуьуш дуьйна хаза, товш кІант хуьлу: йукъанаккъарчу дегІал а жима айвелла а волуш, Іаьржачу аматахь. Къинхетаме, дог-кІеда волуш, эхье вара Ахьмад. Шел хьалхара кхо имам а санна, Ахьмад шен сица оьзда, цІена хилла ца Іаш, шен дегІаца а, духарца а вуно цІена лелаш вара. Іабдул-Малика (аль-Маймуни) дуьйцу: «Ахьмада санна шен дегІан а, духаран а цІаналла ларйеш стаг суна хаавелла а вац. Даима а шурула кІайн духар лелош вара, амма цкъа а цу тІехь цхьа а томмагІа а, тача а хаалур дацара.»

Ахьмадца къамеле ваьллачу стагана а цуьнан эхьах, ийманах дакъа кхочура. Оццул шегахь Іилма долуш, наха вуно чІогІа лоруш, сийдеш воллушехь, нахалахь охьатаьІна, эхь-бехк совдалар бен, кхин хийца ца ло, Ахьмад. Массаьрца а, даржехь велахь а, вацахь а, хьалдолуш велахь а, вацахь а, хазачу гІиллакхца, лерамца, адамаллица хуьлу иза. Амма, йанне а ловза ца йора дин дохош йукъайевлла тобанаш. Ахьмадна ца безара дин шайна пайде дерзош, хуьйцуш болу нах а.

Даар дуьйцучохь хьахийна, цунна йезара кемсаш а, хурманаш а. Наггахь баьпкаца бепиг а дуура цуо. Ахьмада кІанта Салахьа дуьйцу: «Суна гуора, сайн дас Ахьмада баьпкан цхьа кІезиг дакъа схьа а оьций, цунна тІера чан (гам) дІа а йегайой, иза кеда чу а отий, цу тІе хи а дуттий, бепиг кІаддаллалц а дуьтий, туьхица иза дууш. Суна цкъа а ца гина цуо хьайба йа нар (руман), йа иштта кхиболу стоьмаш оьцуш а. Амма цуо наггахь оьцура хурманаш а, кемсаш а, хорбаз а, хорбаз баьпкаца йаа а йуура. Кхин сов даьккхина даарш башха лелош ца тосаделла».

02→

ТАХАНА ПОЬМАРЕХЬ

2-гІа агІо

БИСМИЛЛАХІИРРАХЬМАНИРРАХЬИЙМ. НЕНАН ХЬУРМАТАНА ДОІА

«Ахь сан нана жимчохь хьехнарг, даима дагчохь латтадо.

КІант ахь къайлах гІийла дехнарг, бакъо - харцо къастош лехнарг, хьан дог хьостуш Дала ло.

Азаллехь Дала синош кхуллучу хенахь, хьайн са деза а, сийлахь а кхоьллина тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна.

Хьайн кийрахь тхо тохаделча, дагна ов тухуш, халонна тІе хало ловш, хІоа санна тхо лардеш, лерина тхо лелина тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна.

Іожаллица къуьйсуш, халонца айхьа дуьненчу даькккхина долу хьай беран аз хезча, айхьа лайна хало йицлуш хилла йолу тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна.

Хьайна силдукха дезаш долчу берана сиркхо хьакхайелча дагах вота йетташ, цуьнан лерехь деза аяташ доьшуш, Деле гІийлачу дехарца куьйгаш луьйцуш хийла йилхина йолу тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна.

Айхьа цайууш, цамолуш, хьайн бераш дуьзна хилчахьана цунах кхачо хуьлуш, тхан дуьхьа хьайн кийра меца лелийна хилла йолу тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна.

Айхьа бер кога даха Іамош, иза галдаьлча дог тохалуш, хьайн ховхачу куьйгашца иза нийсачу новкъа доккхуш, массо вонах тхо лардина хилла йолу тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна...»

3-гІа агІо

10 ПРИЗНАКОВ ТОГО, ЧТО ВЫ ОБЛАДАЕТЕ ХОРОШИМ НРАВОМ

«НЕТ НИЧЕГО, ЧТО БЫЛО БЫ ВЕСОМЕЕ НА ВЕСАХ ДЕЯНИЙ, ЧЕМ БЛАГОЙ НРАВ. ПОСЛАННИК АЛЛАХ (ДА БЛАГОСЛОВИТ ЕГО АЛЛАХ И ПРИВЕТСТВУЕТ) СКАЗАЛ: «ПОИСТИНЕ, Я БЫЛ НИСПОСЛАН, ЧТОБЫ УСОВЕРШЕНСТВОВАТЬ НРАВСТВЕННОСТЬ». ЭТО ИЗРЕЧЕНИЕ УКАЗЫВАЕТ НАМ ЛИШЬ НА ОДНО – РАБОТАТЬ НАД СВОЕЙ НРАВСТВЕННОСТЬЮ ПОСТОЯННО. ПРИЗНАКИ ТОГО, ЧТО ВЫ ОБЛАДАЕТЕ БЛАГИМ НРАВОМ, СЛЕДУЩИЕ.

1. Воздержание от споров. Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: **«Я обещаю дом в раю тому, кто оставит спор, даже если он прав».**

2. Слушать внимательно. Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) всегда с вниманием слушал того, с кем разговаривал, даже если это были дети. Внимание выстраивает уважение и крепкие отношения между людьми.

3. Не искать недостатков в других. В хадисе сказано: **«Остерегайтесь дурных мыслей (о людях), ибо, поистине, дурные мысли – это самые лживые слова! И не ищите в других недостатков».**

4. Терпимое отношение к ошибкам ближнего. Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: **«Того, кто скроет недостатки верующего, Аллах скроет недостатки в мире этом, и в мире ином».**

5. Находить оправдание. Умар ибн Хаттаб говорил: **«Ни в коем случае не думай о словах своего брата-мусульманина ничего, кроме хорошего, пока ты можешь находить им благое толкование».**

6. Проявлять терпение по отношению к окружающим. В хадисе сказано: **«Тому, кто проявляет терпение, Аллах даст его, и нет ничего лучшего из даров Аллаха, чем терпение».**

7. Видеть ошибки в себе. «Если ты исправишь свои скрытые деяния, то впоследствии Аллах исправит твои внешние дела»...»

4-гІа агІо

НОВКЪА ВОЬДУШ-ВОГІУШ

«Воккха-Дада, мараэккхаран гІиллакхех а, къамел дечара вовшашна йукъара йукъ ларйарх а лаций дийцахьа тхуна», – аьлла ша волчу баьхкинчу кегийрхошка цо шен къамел дІадолош элира: «Іаьнарх Іаь хьерчаш хабар дийцарх ларлуш хилла вайн дай», - бохуш дуьйцура Іилманчас Хасиев Сайд-Мохьмада.

- Къамел дечара вовшашна йукъара йукъ ларйар дІадолуш хилар новкъа ду. Вайна массарна а гина, хьо мел йухагІертарх, хьан меракІел гІерташ, кест-кеста хьуна муьшканаш йеш, куьг Іуьттуш къамел деш верг. Вайн гІиллакхацца догІуш дац иза. Адаман дегІ вайн оьздачу дайша сийлахь а, деза а лерина.

Къамел деш лаьттачарна йукъахь лаххара а цхьа-ши метр йукъ хила йеза. Іа Іаьнарх хьерчаш къамел дар хилла дац вайн. Вуьшта, хийрачу нахана йукъахь къамел дечу хенахь хила йезаш йерг пхеа метре кхаччалц йукъ йу, бохуш хьехна вайна. Цара хьехнарг, лелийнарг лардан хьовса деза вай а, вайна тІаьхьа догІу чкъор а. Ишттий бен ларлуш ма дац халкъан гІиллакх, эхь-бехк...»

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

БУСАЛБА ДИНАН ІИЛМАНАН ДАЙН ИСТОРИ

ИМАМ АХЬМАД

←01 ИбрахІим ибн ХІанис дуьйцу: «ХІора хІума ша кхоллучу хенахь куьйгаш дуьлуш а, цІандеш а вара Ахьмад. Иштта хІора цуьрг ша кхаьллина мел волу, Далла хастам бора цуо. Ахьмада олура, хІума а кхоллуш хастам бар дуккха а гІоли ду, хІума а кхоллуш, вист ца хуьлуш Іачул а».

Іилманан мехалла йевзачо шен хьехархочун сий чогІа до, и волчу меттехь уггаре лакхара, сийлахь, хаза, оьзда гІиллакх леладо. Іилма дукха а дезаш, оцу кхетамна нийсса бІостанехьа хиллане а хила амал дац. И хьал девзаш волу Ахьмад вуно чІогІа боккхачу, сийлахьчу лерамца, цуьнан мехалла йевзаш хуьлу даима а. Ахьмада олуш хилла: «Шаьш Іилма Іамочу хьехархошца уггаре а сийлахьчу гІиллакхца, церан лааме хьаьжжина, хаза чакхвала веза».

Имам Ахьмад ша сийлахь стаг хиларе терра, шен дерриге а дахар, де а, буьйса а, шен къамел дар а, вист ца хуьлуш Іар а, цІахь волуш а, аренца а, некъаца волуш а – дегІ а, дог а, са а Делан дуьхьа Іибадатна дІаделла хуьлу. Марха кхобуш, ламаз тІехь, доІанаш деш, Къуръан доьшуш, Іилма лохуш, Іамош бен ца го цкъа а, цхьанна а. Цуьнан дахаран хІора мІаьрго Далла дечу Іибадатна дІайелла хуьлу.

Ахьмадан воІа ІабдуллахІа дуьйцу: «Сан ден хІора дийнахь марха дара, хІора буса кхо бІе ракаІат ламазаш а дора. Шед йиттина, вон хьал долуш, гІелвеллачу буьйсанашкахь цхьа бІе ах бІе ракаІат ламазаш дира цуо. ХІора дийнахь Къуръанан ворхІалгІа дакъа доьшура цуо, кІира чакхдолуш иза дешна а волуш».

Иштта, Ахьмада дийнахь-буса Къуръан дешна волура аьлла а дуьйцу цуьнан заманахь хиллачу Іеламнаха.

Ахьмада воІа Салахьа олу: «Сан дас ша шен куьйга бамбин кІаденах тегна башлакх йара, буса ламазана хьала гІаьттича, иза коьрта а туьллий ламазаш дора цуо, сих-сиха КахІф сурат а доьшура».

Ша миска стаг велахь а, барам боцуш комаьрша вара Ахьмад. Цуьнан комаьршаллин барам бан а бацара, шен йолуш йолчух а, шена а оьшуш йолчух а сагІина йалар – иза ду комаьршаллин коьрта маьІна. Ахьмадан хьехархочо Абу СаІида олу: «Ахьмад волчу кхаьчча, цхьа хІума ца луш ца вуьтура, сайн йолуш йолчух нийсса ах хьуна дІайелла хьуна олуш, вела а къежаш».

Шена цхьа совгІат дича, цунна дуьхьал цул дуккха а тоьлаш долу совгІат дан гІоьрту иза. Абу Бакра аль Маррузис аьлла: «Абу ІабдуллахІана цхьа кІезиг зам-зам хи луш гира суна цхьана стага, цунна дуьхьал, оцу накъостан доьзална йала пхеа дирхІамах марзонаш а эцийтина, уьш йахьийтира цуо». Иштта шена цхьамма стоьмаш белча, цунна духар дахьийтира шега, олу Ахьмадан воІа Салахьа.

Имам Ахьмад шен дегІ а, са а дуьненан марзонах йухакхетта, виллина Деле тевжина хуьлу. Дуьненан цхьана а белхаша тІеІаткъам ца бо имамана. Дуьне дитарх лаьцна Ахьмада олу: «Дуьненна букъ тохар дац, дуьненан цхьа болх нисбелча, цунна хазахетар а дахь, иштта дуьненан аьтто боьхча цхьа цуьрриг а новкъа догІуш, сингаттам хуьлуш а белахь». ТІаккха хотту Ахьмаде: «Хила тарлой эзар динар долуш верг, дуьненна букъ тоьхна?». Цуо жоп ло: Тарло, нагахь санна и даьхни совдевлча цуьнгахь цуьрриг а хазахетар а дацахь, уьш эшча (жимделча) цхьа а гІайга а, сингаттам а ца хилахь».

Дуьне дитарх, дІатасарх, цунна букъ тохарх, шен са а, дегІ а, дог а дуьненан марзонех йухатохарх лаьцна «Аз-ЗухІд» цІе йолуш жайна йаздо Ахьмада, цу кепара жайна цул хьалха йаздина а доцуш. Ша лелош доцург а, шен дегІаца а, сица а доцург хІума а ца хуьлу цуьнан жайнахь. Шен гІийла дегІ АллахІ-Деле дерзадой, оцу тІехь сецна, чІагІвелла хуьлу иза. Абу Дауда дуьйцу: «Имаман Ахьмадан дарсашкахь цкъа а дуьненан балхах лаьцна хІума хезар дацара».

Делан Элчанах (Делера салам-маршалла хуьлда цунна!) тарвалар лохуш, Ахьмада хоржу къелла. Шен кхузткъа шо къеллица чакхдолуьйту цуо. Дукха хьоладайша неІ йетта имаман, цунах хьолада ван Іалашо йолуш, амма Ахьмада йухатуху дуьне. Цуо йуьхьарлаьцна Іалашо барам боцуш хала йелахь а, хьаьнг-хьаьнга а кхочушйалур йоцуш, къонах хуьлий чакхволу иза. ШафиІис билгалдоккху, Ахьмада ша хаьржина бара шен дахаран некъ къоьллица. ХІара доккха, ниІмате дуьне Ахьмадна цуьрг а мехала ца гуора, цунна ша ирсе хетара, шен буйнахь дуьненах цхьа а хІума а цахиларх. Мухьаммада ибн Муса ибн Хьаммада аль-Барбарис дуьйцу: «Хьасанна ибн Іабдул-Іазиз аль-Джаравина ирс декъна бахам бара, Мисарара схьабаийтина, бІеннаш эзарнаш динараш, кхо гали дуьззина. ХІора гали чохь цхьацца эзар динар а долуш, и даьхни Ахьмадна совгІатана эцна воьду Хьасан. ХІай Абу ІабдуллахІ, хІокху сайна хьанал кхаьчначу дохнах хьуна дакъа дохьуш веанера со, хІорш дІа а эций, чущдахьара ахь, олу Хьасана. Имама жоп ло цунна: «Суна оьшуш даьхни дац уьш, тхо иштта а кхачаме ду. Дала диканца бекхам бойла хьуна, хьаштдолчу луо ахь», - олий, цхьа а динар схьа ца оьцуш, йуханехьа дІадохьуьйту и ахча Ахьмада.

Дукха даьхний-м дийца а ца оьшура, кІеззиг болчу бахамо а, даьхнино а Далла тІехь йолу ойла йухатохарна, эшам барна кхоьрура иза.

Абу Бакр аль-Маррузис йаздо: «Абу ІабдуллахІ цкъа а вацара нахаца чорда, шога, гІиллакх доцуш. Мелхо а, шегара гІиллакх кхечуьнга доккхуьйтур долуш вацара иза. Цуьнгахь цкъа а ца хаалора оьгІазло, резавацар. Массаьрца а кІеда, мерза, хьасене, гІиллакхе, дог-кІеда вара иза. Цунна везарг а Делан дуьхьа везара, цавезарг а Делан дуьхьа ца везара. Ткъа гІуллакх Делан сийлахьчу динах хьакхалуш делахь, шен оьгІазло кийрахь а сецош, ма-хуьллу гІиллакхца чакхвала хьожура иза».

Имам Ахьмадна дезара нахах дІа а къаьстина, ша кхоьллинчу АллахІ-Делан Іаламан ойла йеш, Іибадат деш Іер. Ахьмадан ІабдуллахІа дуьйцу: «Тхан да йа маьждигехь, дарсашкахь, йа тезетахь, йа цомгашчарна уллохь зийартехь бен гур вацара. Цунна чІогІа ца дезара базархула лелар».

Имама Ахьмада ша мааллара: «Макка а вахана, цигахь цхьанхьа чІожехь къайла а ваьлла, цхьана а дена цавевзачохь, гІийла АллахІ-Дела а хьехош Іа лууш ву-кх со гуттар а».

Имам Ахьмадах лаьцна хаамаш дуьненахь, бусалба нехан берриге а мехкашкахь дІасабаьржира, цуьнан Іилманча хилар, дуьненан хьайн доьзалан хьашташ кхочушдеш, Ахьмадна дезара нахах дІа а къаьстина, ша кхоьллинчу АллахІ-Делан Іаламан ойла йеш, Іибадат деш Іер. Ахьмадан ІабдуллахІа дуьйцу: «Тхан да йа маьждигехь, дарсашкахь, йа тезетахь, йа цомгашчарна уллохь зийартехь бен гур вацара. Цунна чІогІа ца дезара базархула лелар».

Имам Ахьмадах лаьцна хаамаш дуьненахь, бусалба нехан берриге а мехкашкахь дІасабаьржира, цуьнан Іилманча хилар, дуьненан марзонашна букъ а тоьхна, шен дерриге а дахар Іилманна а, Іибадатна а дІаделла хиларца. Адам тІегІурту цунна, Іилманах пайдаэца Іалашо йолуш а, цхьацца хеттаршца а. Ахьмадан дарсашкахь пхи эзар сов адам вовшахкхета оцу хенахь, царна йуккъехь Іилма Іамо баьхкинарш хилла ца Іаш, цуьнгарчу хьехамех, хьехарех, шайна оьшучу жоьпашка ладогІа баьхкинарш а хуьлу. Цхьаберш цуьнгарчу хазачу гІиллакхах, цуьнан хІора балхах а масал эца богІий а хуьлу. Ахьмадан дарсаш, мажлисаш делкъан ламаз динчул тІаьхьа дІайуьйлалора. Цхьана а кепара забарш а, эрна къамелаш а ца хуьлура имаман дарсехь. Цуьнан накъосташна дика вевзара Ахьмад, цундела и волчохь а забарш йан ца хІуьттура уьш. Халафа ибн Салама дуьйцу: «Тхо дара Йазид бин ХІарун а волуш цхьана мажлисехь гулделла Іаш. Шен Іилма дІайаздеш болчу мутаІеламшца забарш йеш Йазид хеза Ахьмадна. Йазид Ахьмадан хьехархо а ву. Ахьмада йовхарш туху, шен резавацар гучадоккхуш. Шен хьаж тІе бай буй а тухуш, Йазида олу: Кху чохь Ахьмад бин Хьанбал хилар хІунда ца хаийтира аш соьга, забарех йухакхетар ма вара со?». Йазид бин ХІарун цхьа а волчохь озалуш вацара забарш йарх, Ахьмад бин Хьанбал волчохь санна, олу Абу Бакра аль-Маррузис. Иштта цуо билгалдоккху: «Къечу (мискачу) стеган лерам ма бацара Имам Ахьмадан дарсашкахь санна. Уьш тоьллачу а, сийлаллин а меттехь хуьлура Ахьмадан». Мискачу стеган санна Ахьмада сий деш ван а вуй-те аьлла. Боккха лерам хуьлу цуьнан царца. Дуьненна тІаьхьабевлла нах Ахьмадана гуш а, цуо тергалбеш а ца хуьлу.

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна!) суннатна тІаьхьавазар, иза лардар чІогІа, кхин цхьаьннан а дуй-те аьлла, чІогІа хуьлу Ахьмадан.

Имам Ахьмадан мутаІелам хиллачу Абу Бакра аль-Маррузис дуьйцу: «Ахьмада элира соьга: Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна!) цхьа а хьадис дІайаздина ма дац ас, айса иза лардеш, цунна тІаьхьавозуш бен. Цхьа хьадис дешнера ас, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна!) шена хьижамат йинчунна динар деллера, аьлла. Сайна хьижамат йиначунна ас а делира динар».

Имама Ахьмада олура: «Дин дохо а, галдаккха а, доцу (мегар доцу) хІуманаш йукъадаха Іалашо йолу нах хиллане а хила йиш йац цІенна дин лардечу а, и дІахьоьхучу а Іеламнахана уллехь. Уьш генахь латто безаш бу».

Исхьакъа ибн РахІавайхІа олу: «Имам Ахьмад –иза АллахІ-Даллий, Цуо кхоьллинчу доллучу Іаламний йуккъехь тоьшалла дара».

Муслиман воІе Мухьаммаде хотту Мадинин воІах Іелех а, МаІин воІах Яхьйах а лаьцна, цаьршиннах алсам хьадисаш хууш муьлхарниг ву, олий. Мухьаммада жоп ло: «Мадинин воІа Іелас хьадисаш алсам схьа а дийцина, хьадисан Іилманехь лакхара а ву. Ткъа Яхья хьадисаш довзарехь (зІе чІогІа а, гІийла а хилар довзарехь) гІолехь ву. Амма, Ахьмада ибн Хьанбала цаьршиннен а Іилма вовшахтоьхна, шега дерзийна. Цуо алсам хьадисаш а Іамийна, ислам динан бакъонаш йовзарехь, фикъхІан Іилманехь уггаре а тоьлла ву тахана».

Имам Ахьмадан наха тІелацар, иза къобалвар гІеметтахІоьттина, йа къанвеллачу хенахь доцуш, иза жимастаг волуш дуьйна а долало.

МаІинан Яхьяс олу: «Имам Ахьмадана уллехь шовзткъе итт шарахь хилла со, и воьдувоьдучу а воьдуш, цунах тераниг кхин хаавелла вац оцу заманахь». Иштта цуо кхечу дийцарехь а хьахадо: «Нахана со имам Ахьмадах тера ган лаьара. Вайн Делора, Хьанбалан Ахьмадах тарвала суна гена ма дара, йа со цуьнга кхочур а ма вацара».

Имама ШафиІис йаздо: «БагІдадера суо дІавоьдучу хенахь, Имам Ахьмадал алсам Іилма хууш а, цул чІогІа Делах кхоьруш а, Далла Іибадат деш а стаг витина (кхин гина вац) вац оцу шахьарахь».

Абу Бакра аль-Асрама аьлла: «Суна хаавелла вац Ахьмадначул а алсам суннат девзаш а, и лардеш а стаг».

Яхьяс (ибн СаІид аль-КъаттІан) олу Ахьмадах лаьцна: «Хьанбалан Ахьмадах тераниг кхин цхьа а веана вац суна тІе деша (Іилма Іамо)».

Оцу а, кхин а дуккха а долчу тоьшаллаша гойту, Ахьмадан мел чогІа лерам хилла шен хьехархошна а, мутаІеламшна а хьалха.

Хила тарлуш дац исламан Іилманийн Іилманча а, имам а, нагахь санна цунна массо а агІор кІорггера хууш дацахь Къуръан а, хьадис а, Іаьрбийн мотт а, оцу меттан грамматика а. Иштта цунна хаа беза жайнийн мотт а, шена чохь йолуш байташ а, дийцарш (говзарш) а. И дерриге а Іамош, меттан говзалла карайерзош, дукха болх бан безаш хуьлу. Амма Ахьмада мало ца йо оцу тІехь. Имама ШафиІис тоьшалла до цунна: «Ахьмад бархІИилманехь имам ву: Къуръан, хьадис, фикъхІа, Іаьрбийн мотт, къелла, дуьненна букъ тохар, Делах тешар, суннат лардар».

Имама Ахьмадан бІе сов хьехархо хилла, цуо цаьргара тайп-тайпана Іилманаш Іамош.

Царах ву ХІушайм ибн Башир ибн Аби Хьазим. Ахьмадан дуьххьарлера хьехархо, пхеа шарахь цуьнца Іилма Іамийна. Цуо бухбуьллу Ахьмадан Іилманан йуьхь йолош.

Мухьаммад ибн Идрис аш-ШафиІи цуьнан шолгІа хьехархо хуьлу. ХІушайма велла йукъа дукха хан йолале ШафиІина тІенисло Ахьмад, цуо цунна фикъхІан Іилма хьоьху. Ахьмадан ШафиІица цхьаьнакхетар нисло цуьнан дарсехь маьждигехь. ШафиІин хазачу, говзачу маттах дукха самукъадолу цуьнан. Имаман Маликан «МуваттІа» жайна ШафиІигара бен схьа ца оьцу Ахьмада, хІунда аьлча, оцу заманахь ШафиІина санна и жайна девзаш а, цул гІоли шена хьеха хуур долуш а цхьа а ца го цунна. Имам ЗаІфаранис дуьйцу: «ШафиІин мажлисе (дарсе) со вахча, даима а бухахь Хьанбалан Ахьмад каравора суна». Имама Ахьмада Іилманах дуккха а пайдаоьцу ШафиІера. ШафиІина ша декхар хилар чІагІдеш, Ахьмада оцу хьокъехь олу: «Шовзткъа шарахь сов хІора ламазехь ШафиІина гечдар дехна ас».

Яхья ибн СаІид аль-КъаттІанера а дуккха а Іилманах пайдаоьцу Ахьмада. Цуьнан хьокъехь олу цуо: «Сан бІаргашна цунах тераниг кхин гина вац цкъа а».

Ахьмадан хьехархо хилла Суфьян ибн Іуйайна, Маккин сийлахь, воккха хьадисан Іеламстаг.

Исхьакъ ибн РахІавайхІ фикъхІан (юридикан) сийлахь Іеламстаг – Ахьмадан хьехархо. Ахьмада олу цуьнан хьокъехь: «Хорасанан махка кхаьчна ма вац Исхьакъе (ибн РахІавайхІ) кхочуш, цунах тера Іеламстаг.

Имам Ахьмадера Іилма схьаоьцу дуккха а мутаІеламаша. Царах дуьненахь гІарабевлла Іеламнах а хуьлу: Мухьаммад ибн Исмаил аль-Бухари («Сахьихь аль-Бухари» жайна йаздина. Имам, фикъихІ, муждтахІид, хьадисан Іилманчийн баьчча); Муслим ибн аль-Хьаджаж («Сахьихь Муслим» йаздина. Хьафиз, мухьаддис, воккха Іеламстаг); Абу Дауд ас-Сиджистани («Сунан» йаздина. Къобалвина хьадисан Іилманан Іеламстаг); Исхьакъ аль-Кавсадж (Шен заманахь болчу баккхийчу Іеламнахах, бусалба нехана имам); Абу Бакр аль-Маррузи (Имам Ахьмадан уллерчу мутаІеламех а, дикачу накъостех а).

ТІаьхье хир йу)

Идрисов Ислам

БИСМИЛЛАХ1ИРРАХЬМАНИРРАХЬИЙМ. НЕНАН ХЬУРМАТАНА ДОІА

Ахь сан нана жимчохь хьехнарг, даима дагчохь латтадо.

КІант ахь къайлах гІийла дехнарг, бакъо - харцо къастош лехнарг, хьан дог хьостуш Дала ло.

Азаллехь Дала синош кхуллучу хенахь, хьайн са деза а, сийлахь а кхоьллина тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна.

Хьайн кийрахь тхо тохаделча, дагна ов тухуш, халонна тІе хало ловш, хІоа санна тхо лардеш, лерина тхо лелина тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна.

Іожаллица къуьйсуш, халонца айхьа дуьненчу даьккхина долу хьай беран аз хезча, айхьа лайна хало йицлуш хилла йолу тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна.

Хьайна силдукха дезаш долчу берана сиркхо хьакхайелча дагах вота йетташ, цуьнан лерехь деза аяташ доьшуш, Деле гІийлачу дехарца куьйгаш луьйцуш хийла йилхина йолу тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна.

Айхьа цайууш, цамолуш, хьайн бераш дуьзна хилчахьана цунах кхачо хуьлуш, тхан дуьхьа хьайн кийра меца лелийна хилла йолу тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна.

Айхьа бер кога даха Іамош, иза галдаьлча дог тохалуш, хьайн ховхачу куьйгашца иза нийсачу новкъа доккхуш, массо вонах тхо лардина хилла йолу тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна.

Берийн дош дашера даьлча, церан барт эгІарна кхоьруш, гІийланиг хьостуш, тоьллаверг йухатухуш, уьш хьайн машаран тІома кІел лийцина хилла йолу тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна.

Тхол хьоме хІума доцуш, даггара дезарца, хьайн мерзачу Іаьнарца тхуна синкхача латтийна хилла йолу тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна.

Сийначу Сибрехахь доьналлех цайухуш, хьайн доьзал мацаллех, шелонех хьалха баьккхина хилла йолу тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна.

Доьзалхо кхелхича, тІебеана бала хьайн гайтбеллачу кийрахь къуьйлуш, вукхеран дог-ойла иркара хІиттийна йолу тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна.

Доьзалера цатемаш хилла хьайн кийра Іовжийча, дагчохь оьгІазло цакхобуш, хийла тхуна сагатдина хилла йолу тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна.

ТІеман цІергахь Нохчийчоь йогуш Іаьржачу деношкахь, хьайн гІийлачу доІнашца тхо Іожаллин кхерамех хьалха даьхна хилла йолу тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна.

БІаьр негІар тухучу заманна тхо дагара цадовлуш, ахь тхуна сагатдечу хенахь, кІеззиг болчу муьрехь хьо йицйина синкхетам боцуш тхо леларна хьо къинтІера йалалахь тхуна, тхан миска нана.

КІеда-мерза хьайна мотт Іаморца, дайх дисина оьзда гІиллакхаш тухна довзийтина йолу тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна.

Сийлахьчу Къуръана чохь Дала йеза йийцина, Пайхамарш, эвлайааш хьайн тешамечу кийрахь ларбина хилла йолу тхан миска нана, хьо къинтІера йалалахь тхуна.

Ахь тхо лардаре терра, оцу Везачу, Хастамечу Дала шен доза доцучу къинхетамца хьайн гІийлачу доІнашца тхо хІокху дуьненан а, эхартан а вонах ларйойла хьо, тхан хьоме, догдика нана.

Дала и наной реза бинчарех дойла вай!

Дала хазачу Йалсаманехь цхьаьнатухийла вай!

ХІара сурт сан ненан ду. Иза цІера Соьлжера йара. Сан ненан цІе Билкис йара, фамили Газиева йара. Йина шо 1930-гІа дара цуьнан. 1998-чу шарахь, эсаран беттан 25-чу дийнахь дІакхелхира и. (АллахІ Дала Фирдовс йалсаманин хьаша йойла цунах а, тІегІондолчу вайх а!

Сан ненаден цІе Рамза хилла. Рамзин ден цІе ГІази хилла. ГІазий, Доккий (Дала даржехь лакхавоккхийла и) ши доттагІ хилла, ши ваша санна ала мегар долуш.

Магомадов Абу

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

10 ПРИЗНАКОВ ТОГО, ЧТО ВЫ ОБЛАДАЕТЕ ХОРОШИМ НРАВОМ

НЕТ НИЧЕГО, ЧТО БЫЛО БЫ ВЕСОМЕЕ НА ВЕСАХ ДЕЯНИЙ, ЧЕМ БЛАГОЙ НРАВ. ПОСЛАННИК АЛЛАХ (ДА БЛАГОСЛОВИТ ЕГО АЛЛАХ И ПРИВЕТСТВУЕТ) СКАЗАЛ: «ПОИСТИНЕ, Я БЫЛ НИСПОСЛАН, ЧТОБЫ УСОВЕРШЕНСТВОВАТЬ НРАВСТВЕННОСТЬ». ЭТО ИЗРЕЧЕНИЕ УКАЗЫВАЕТ НАМ ЛИШЬ НА ОДНО – РАБОТАТЬ НАД СВОЕЙ НРАВСТВЕННОСТЬЮ ПОСТОЯННО. ПРИЗНАКИ ТОГО, ЧТО ВЫ ОБЛАДАЕТЕ БЛАГИМ НРАВОМ, СЛЕДУЩИЕ

1. Воздержание от споров. Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: **«Я обещаю дом в раю тому, кто оставит спор, даже если он прав».**

2. Слушать внимательно. Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) всегда с вниманием слушал того, с кем разговаривал, даже если это были дети. Внимание выстраивает уважение и крепкие отношения между людьми.

3. Не искать недостатков в других. В хадисе сказано: **«Остерегайтесь дурных мыслей (о людях), ибо, поистине, дурные мысли – это самые лживые слова! И не ищите в других недостатков».**

4. Терпимое отношение к ошибкам ближнего. Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: **«Того, кто скроет недостатки верующего, Аллах скроет недостатки в мире этом, и в мире ином».**

5. Находить оправдание. Умар ибн Хаттаб говорил: **«Ни в коем случае не думай о словах своего брата-мусульманина ничего, кроме хорошего, пока ты можешь находить им благое толкование».**

6. Проявлять терпение по отношению к окружающим. В хадисе сказано: **«Тому, кто проявляет терпение, Аллах даст его, и нет ничего лучшего из даров Аллаха, чем терпение».**

7. Видеть ошибки в себе. «Если ты исправишь свои скрытые деяния, то впоследствии Аллах исправит твои внешние дела».

8. Не винить других. Один праведник сказал: **«Когда что-то идет не так, легче всего обвинить кого-либо. Но помни, что чем лучше человек, чем больше он винит себя, а не других».**

9. Хорошо обращаться и с пожилыми, и с детьми. Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: **«Кто жесток к младшим и не уважает старших, тот не из нас».**

10. Постоянно стремиться к совершенствованию своего нрава. Для защиты от плохого нрава Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) взывал к Аллаху следующим дуа:

«Аллахумма инни аузу бика мин мункаратил-ахляки, вал-амали, вальахваи».

«О Аллах! Я прибегаю к Твоей защите от дурного нрава, деяний и страсти».

«Ислам сегодня»

НЕСОВМЕСТИМЫЕ ПРОДУКТЫ ПИТАНИЯ

Соблюдение этих предписаний является одним из важных правил сохранения здоровья. Всевышний создал человека нуждающимся в еде и питье, и он обязан питаться тем, что принесет ему пользу, иначе это может привести к многочисленным заболеваниям. Для того чтобы правильно питаться, надо иметь знания о совместимости продуктов питания. Причиной незная является то, что мы не знаем о натуре (темпераменте), естестве и полезных свойствах, которые всевышный господь вложил в них. В восточной медецине говорят о четырех свойствах, определяющих характер человека и продуктов питания, – это холод, теплота, влажность и сухость. Любое создание творца, будь это человек, животное, трава или продукты, сосотоит из этих четырех элементов. В одном из них больше холода и влажности, в другом – тепла и сухости

В книгах по медицине Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) написано о нежелательности употреблять вместе рыбу и молоко, уксус и молоко, салат-латук (салат листовой) и рыбу, лук и чеснок, свежее и сушёное мясо, острое и кислое.

А также сумак (одна из самых популярных специй восточной кухни) и уксус, уксус и рис, гранат и харису (блюдо из варёного мяса и пшеницы), мясо и молоко, яйца и молоко, маш (зернобобовая культура) и редиску, курицу и маш, вяжущее и слабительное, жареное и варёное, рыбу и мясо, рыбу и яйца, а также два продукта с одинаковым темпераментом.

В книге «Тасхил уль-Манафи» написано: **«Нет вреда от употребления вместе мяса и молока одного вида. Например, молока и мяса овец».** Желательно употреблять в пищу горячее с холодным (продукты с горячим или холодным естеством), сладкое с кислым, жирное с солёным или вяжущим. Не рекомендуется употреблять вместе виноград и масло (коровье, сливочное), после принятия солёной пищи не рекомендуется пить горячую воду, после фруктов – холодную воду. После того как выпили молоко, нельзя есть кислое, потому что оно сгущает молоко в желудке.

Врачи говорят: **«Не употребляйте с молоком кислое, зелень и рыбу, это может привести к заболеванию проказой».**

Употребление рыбы с яйцом может привести к таким болезням, как витилиго, проказа, боли в суставах, зубная боль и геморрой.

Если выпить или съесть на ночь топлёное коровье масло, то это может привести к слепоте, также это может способствовать появлению веснушек. Частое питьё холодной воды ночью, а также мытьё и обливание головы холодной водой даже летом может привести к ухудшению зрения и слепоте. Купание холодной водой, после того как съел рыбу, тоже может привести к параличу.

Постоянное употребление яиц, сваренных вкрутую, приводит к болезни селезёнки и её воспалению и способствует ухудшению дыхания. Употребление после кровопускания солёной рыбы может привести к появлению чесотки. Пить уксус после риса, есть маш с редиской и куриным мясом тоже нежелательно.

Следует остерегаться употребления горячей пищи, так как она ослабляет тело и изменяет цвет лица. В хадисе Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) говорится: **«Тёплая (остывшая) еда является благословенной, а также лекарством, а горячая еда – лишённая благодати» (Абу Нуайм).**

Не оставляйте сосуды с водой и едой открытыми на ночь. В хадисе Посланника Господа (да благословит его Аллах и приветствует) сказано: **«Вы закрывайте посуду и сосуды с водой, поистине, есть в году одна ночь, когда на землю спускается чума (ваба), и часть этой болезни попадает в открытый сосуд» (Муслим).**

Остерегайтесь использовать уксус и топлёное масло, которое пролежало ночь в медной посуде.

Если часто употреблять в пищу почки овец, то могут появиться боли и даже язвы в мочевом пузыре.

Постоянное употребление чечевицы ухудшает зрение и слух.

Один из древнейших врачей Ибну Масавайх говорил: **«Тот, кто ел лук 40 дней подряд и у него появились веснушки, пусть не винит в этом никого, кроме себя. Кто сделал кровопускание и после съел солёное, и у него появился лишай или чесотка, пусть в этом также винит только себя. Кто съел рыбу и яйца вместе и заболел параличом всего тела или лица, пусть винит только себя. Кто поел досыта и после этого пошёл в парную и заболел параличом или у него начались боли в кишечнике (колит), пусть винит только себя. Кто поел перед сном сладкий лимон и у него заболели глаза, пусть винит только себя. Кто ночью (в темноте) смотрел в зеркало, и после этого парализовало его лицо, пусть не винит никого, кроме себя».**

Мухаммад Дибиров

НАШИ ГЕРОИ

АБУБАКАРОВ ИБРАГИМ (1983 – 2003)

Абубакаров Ибрагим Султанович родился 17 ноября 1983 года в селе Алхан-Юрт Урус-Мартановского района.

Окончил школу № 1 в селе Алхан-Юрт. Увлекался спортом, отдавая предпочтение дзюдо и боксу. Часто выступал на сельских соревнованиях.

Пока Ибрагим учился в школе, в Чеченской Республике начались военные действия, в ходе которых погиб его отец. В связи с этим матери пришлось взять воспитание детей в свои руки. После школы Ибрагим поступил в Чеченский государственный педагогический институт на факультет физической культуры и спорта.

Свой путь в правоохранительных органах наш герой начал в 2002 году. На службе Ибрагим показал себя крайне ответственным и мужественным воином, который был готов в любой момент пожертвовать собой ради спасения других.

Жизненный путь Ибрагима завершился 9 марта 2003 года: ранним утром в их дом ворвались люди в камуфлированной форме, связали Ибрагима и увезли в неизвестном направлении. Через некоторое время его тело было обнаружено с многочисленными огнестрельными ранениями.

Дала гIазот къобалдойла цуьнан!

ОТСУТСТВИЕ ДУШЕВНОСТИ В ПОКЛОНЕНИИ



Недуг поразил сердце того человека, который не получает наслаждения от религиозных поступков и не считает их привлекательными.

Этот недуг проявляется из-за того, что человек совершает ибадаты (обряды, поклонения) только для показухи, или же чтобы похвастаться. Причиной также может стать недостаточность ихласа (искренности) или оставление части деяний, относящихся к сунне Посланника Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует).

Лекарством от этой болезни станет стремление украсить свою душу искренностью, во всех своих поступках строго следовать сунне Пророка (да благословит его Аллах и приветствует). Человеку нужно запастись терпением и делать все возможное для того, чтобы его старания в избавлении от этого недуга дали положительный результат.

Великий поэт-суфий Мавлана Джалалуддин Руми (да освятит Аллах его тайну) так высказался относительно данной темы: «Основная пища человека – это нур Всевышнего Аллаха. Не подобает человеку употреблять слишком много телесной пищи, ведь необходимую для себя пищу он должен находить в божественной любви и размышлении. Именно потому, что человек забывает о духовной пище, он теряет спокойствие. Такой человек не насыщается (телесной пищей), жадность его не знает пределов, страсти всецело овладевают им, ноги дрожат, а сердце бьется в смятении и беспокойстве. Поэтому нужна гармония в употреблении телесной пищи и получении пищи духовной!».

Из книги «Болезни нафса и пути их излечения»

НОВКЪА ВОЬДУШ-ВОГIУШ

ТIаьхьарчу шерашкахь хаьал лахделла Воккха-Дадин вахар-вар. Цунах дерг хьахаделча: «Дадин голаш йазйелла», - олу цо, леткъамаш бар доцуш, ша къаналле лестина хилар хоуьйтуш. Шен дахарехь дукха некъаш гездина цо Нохчийчохь а, махках ваькхича Казахстанехь а. Дукха гина вуонаш, халонаш. Баланаш, Iазапаш, мацалла, шело, гIело лайна. Амма цкъа а иза нохчийн гIиллакхех, собарх, стогаллех воьхна меттиг ца йеана.

«Голаш йазйаларна» хIинца, дукха хьолахь, цIахь, ков-кертахь хуьлу иза. Тахана а Iа иза, лохачу гIанта а хиъна, дага йеш. Балхана «чувоьллачу» цунна хаа а ца делира луларчу урамера Хьасан а, Хьусайн а шена тIевогуш. И шиъ кест-кеста вогIура Воккха-Дада волчу, кхуьнга гIиллакхех, вайн дайн Iадатех лаьцна хаза хабарш дийцийта. Тахана а веанера некъан гIиллакхех дерг мелла а алсам довза, цо довзийтинарг дахарехь лело лиъна. ТIаьххьара, гIордаз а хьокхуш, дага шарйина иза ваьлча, Хьасана дийхира Воккха-Даде шаьшшинна жимма некъан гIиллакхех лаьцна дийцахьара, аьлла.

Шен белхан гIирсаш йуьстах охьа а бехкина, шина кIентан бIаьргаш чу хьаьжна, церан ойла йевзича санна долийра:

- ГIиллакх экаме хIума йу. Иза лар ца деллачохь херло адамийн йукъаметтигаш. Ткъа иза ларделлачохь адамашна йукъахь уьйр-марзо хуьлу, беркат лаьтта. Вайна массарна а хууш доллушехь дуьйцу ас цунах лаьцна. Дуьйцу, вай - къоначара а, къеначара а - массара а гIуллакх лардар сайна дезарна. Вайн къоман гIиллакхаш эзарнаш шерашкахь нохчаша шайн дахарехь зийнарг а, зеделларг а ду, цхьана низаме, къепе дерзийна долу. Вайна иза денна хаало некъаца дIасалелаш, балхахь, йукъараллехь - массанхьа а.

Цхьанхьа ваха новкъа ваьлла хилча йа новкъахь цхьаьна нисвелча, воккхачунна, дешначунна, говзалла лакхара йолчунна, хьешана, ненахочунна, стунцахочунна, гергара йоцчу йоккхачу зудчунна, аьрру агIор, цхьа гIулч тIехьа озавелла хила веза. Кхоъ цхьаьна воьдуш хилча, йуккъехь хила беза вай лакхахь хьахийна болу (ларам бан беза) нах. Церан аьтту агIо кхочу уггаре а жимачунна. Иза хьадалчин меттиг лерина. ДIайаханчу заманашкахь некъан хьовзамаш кест-кеста хуьлуш хилла. Цундела доьналлица, ницкъаца тоьлла верг йуккъехь вогIучунна аьрру агIор хуьлуш хилла. И гIиллакх ларделла вайна йукъахь. ХIинца новкъа вогIуш хилча а и лардар тIехь ду.

Зудчуьнца дIасавахар нисделча, йуккъерчу гергарлоне хьаьжжина хила деза дIахоттар. Нагахь санна стагаца арайаьлларг цуьнан йиша, шича, маьхча йелахь, иза аьрру агIор, ах йа цхьа гIулч тIаьхьа йан йеза. Цо массарна а гойту цуьнца верг цунна бехке стаг хилар. Нагахь санна стагаца новкъа йогIуш йерг йоккха стаг, йа хийра зуда (йоI) йелахь, иза цунна аьтту агIор йан йеза, кIеззиг йуха а озайелла. Цхьана могIаре хIоттар гIиллакхе дац.

Вайн гIиллакхашца ул-улле хIоьттина кхоъ вар - уьш зензуламна арабевлла цахиларна билгало хилла. ВорхI-ворхI цхьана могIаре нислуш новкъадовлар - нускал цIа дало боьлхуш хиларан йа нускал далош богIуш хиларан билгало хилла. Ткъа исс-исс цхьана могIаре хIуттуш тоба новкъа йогIуш хиларехь хууш хилла, и нах стаг витийта боьлхуш хилар. Вайна йукъара дIадевллачу новкъа ду и гIиллакхаш. Делахь а, шуна хаийта, шуьга шайна тIаьхьа богIучаьрга дIакхачадайта хьахий ас иза.

Тайп-тайпанчу цхьаьнакхетаршкахь а, мажлисашкахь а хиттина вайга гIалин маршрутийн автобусашкахь хIокху заманахь лелон догIучу гIиллакхех лаьцна. Автобуса тIе хьалаваьллачу воккхачу стагана (йоккхачу стагана) охьахаа меттиг йала йеза боху вай. Бакъду иза. Делахь а, даима хуьлий-те царна меттиг йала йезаш, уьш охьаховшийта безаш хьал? Наггахь, воккха стаг хьалагIаьттина а, йоI, къона зуда охьахаийта йезаш хьал ма нисло. Автобус йоьттина ирахь богIуш кегийрхой, божарий хилча, йоI, зуда хьала а гIаттийна, воккханиг, къано охьахаар, цунна гIиллакх цадовзар йа цо гIиллакх цалардар ду. Муха мегар ду, ха хонах а хьекхалуш, йоI кегийрхошна йукъахь латтийтар? Маггане а мегар дац! Эхь ду!



Цхьана дийнахь иштта сурт гира вайна. Йоьттинчу автобуса чохь ирахь лаьтташ берш берриге а божарий бара. Цхьана социйлехь автобуса тIе хьалйелира цхьа йоккха стаг. Цунах бIаьрг кхетта йоI чухула дIасахьаьжира. ЦIиййелира, эхь хетта. ХьалагIаьттича, кегийрхошна йуккъе дIахIотта йезара иза. Ца гIаьттича, гIиллакх доцург хуьлура. Холчохь йара йоI. Кхин Iен а ца йелла: «Деца, схьайола, кхуза охьахаа», - аьлла, хьалагIаьттина, кегийрхошна йуккъе дIахIоьттира иза, хIоттаза а ца йаьлла. «Деца-м» дукха сиха охьахиира, ур-атталла «Дела реза хуьлда» а ца олуш. ГIиллакхе дацара «децас» динарг.

ГIиллакх цадовзарх ду иза. Йа ша мухха лелча а бен цахетар ду. Йоккхачу стагана гуш ма дара йоI мел къийлалуш, эхь хеташ лаьтта. Шеца хIоттийнарг гIиллакх хиларан ойла а ца йо цо. ГIиллакхна дуьхьал хIоттийначу гIиллакхал хаза хIума дан а ма дац. Цо оцу йоIе ала догIура: «Хуур йац дера со-м охьа. Хьо бакъахьа йу хиъна Iийча. Суна божаршна йуххехь латтарх хIумма а хир дац йа со гена йаха йезаш йац». Цо и ца дира. ТIех йоьттинчу автобуса тIе иза хьала ца йаьллехь а дацара хIумма а, нехан меттиг ца йохо. Иза а хир дар-кха хаза гIиллакх.

Оцу йоккхачу стага хIоттийна тамехь доцу сурт гуш хиллера тIехьарчу гIантахь хиъна йогIучу кхечу цхьана йоккхачу стагана. Меллаша шен меттара хьалааййелла, йоI шена тIейехна: «Кхуза охьахаал, йоI», - аьлла, лохха, амма хадам боллуш, цунна охьахаар тIедожийра. Эхь хетта, кхохкайелла йоI, «Дела реза хуьлда», - аьлла, охьахиира. И шиъ вовшах кхийтира. ГIиллакхо гIиллакх лехира. Ма хаза дара и. Ши-кхо социйла тIехйаьлча, йоккха стаг машенара охьайоьссира, водительна «Дела реза хуьлда», пассажирашка «Некъ дика хуьлда шун», олуш.

Наггахь автобуса тIехь иштта хьал а хIутту. Жимачу бераца лаьтташ йоI хуьлу. Цунна охьахаа меттиг йалар тIехь ду вокхачунна а, къоначунна а. Вайн гIиллакхца догIуш дац иза ирахь латтийтар. Иштта гIиллакх хIотто деза, шух долу эхь-бехк Дала лардойла, пхорачу зудчуьнца а. Амма, халахеташ делахь а, нисло цаьрца гIиллакх ца лелош, царна машенахь охьахаа меттиг ца луш, некъ ца буьтуш меттигаш.

Кхечу халкъийн векалша а хестош ду вайн воккхачунна некъ битаран, цуьнан некъ цахадоран гIиллакх. Иза, Делан къинхетамца, вайн кегийрхоша лардеш ду, къаьсттана йарташкахь. Пали йуккъехь башха ца нисло уьш лардар. Жима а, воккха а цхьанхьа сихвелла хуьлу кхузахь, стенна делахь а.

ХIокху заманан сихаллица болар нисдан гIерташ санна, хьаьвдда-девдда лелаш долчу вай, мелла а дицдан долийна воккхачунна новкъахь тIаьхьакхиъча, хьалхаваьлла дIавахаран гIиллакх. Шен боларехь воьдучу къаночунна тIаьхьакхиъча, вист ца хуьлуш, тIехваьлла дIавахар-м стенна дуьйцура, Iуьйре, де, суьйре дика йина, хьалхаваьлла дIавахар кхачаме дац. Де дика диначул тIаьхьа, цунна аьрру агIор а волуш, цхьа гIулч тIахьа а сацавелла, цуьнца болар нисдина ван веза, цо хьалхаваьлла дIаваха пурба даллалц. Цо иштта (йа герггарчу хьесапехь иштта) пурба дала догIу: «Жима къонаха (кIант, йоI), хьо сиха хир ву. Вайшиннан болар цхьаьна догIур дац. Дела реза хуьлда хьуна, хьайн гIуллакхе дIагIо» ... ТIаккха, къаночуьнга: «Со хьажа, саца оьшуш хIумма а дуй?» - аьлла, хоттур ду. Цкъа а, цхьана а нохчийн воккхачу стага жимхе саца а, шен гIуллакхе хьажа а эр дац оцу хьолехь.

Уьш а, кхин а ду некъаца воьдуш-вогIуш вайн дайша лелийна, лелор вайна тIехь долу гIиллакхаш. Уьш лелон, лардан Дала хьекьал, кхетам, ийман, собар лойла вайна», - дерзийра Воккха-Дадас шен къамел. Цуьнан Iодика а йина, дIавахара Хьасан а, Хьусайн а.

Дадаев Сайд-Хьасан

В ГРОЗНОМ ОТКРЫЛИ СПА-КОМПЛЕКС NEBULA

В Грозном состоялось долгожданное открытие премиального спа-комплекса «NEBULA». Об этом рассказала Айшат Кадырова.

«Начиналось всё с желания сделать косметический ремонт в спортзале. И как обычно, это бывает со мной, в итоге приняли решение с командой о реновации. Это когда полностью перестраивается часть здания. К слову, построить новое даже легче, но лёгкие пути – это не про нас, вы же понимаете», – поделилась А. Кадырова.

Она отметила, что главная задача проекта – создать атмосферу заботы и комфорта для гостей.

«Премиальный комфорт – это не только про красивый интерьер. Каждому гостю хочется подарить ощущение заботы, физического и эмоционального комфорта. Вот чтобы люди могли отдыхать и получать удовольствие, пришлось собрать команду крутых технических и инженерных специалистов, я правда этим горжусь», – подчеркнула Айшат Кадырова.

Особое внимание А. Кадырова уделила дизайну комплекса.

«Интерьер и дизайн – моя любимая часть процесса. Дизайнера мы нашли звёздного в своём деле. Я люблю привлекать лучших профессионалов, которые влюблены в свою работу», – добавила она.

По её словам, команда постаралась создать новое место притяжения в городе с безупречным сервисом.

«Мы попробовали создать новое место притяжения в нашем городе с безупречным сервисом и душевным спокойствием», – подчеркнула Кадырова.

«Грозный информ»

СЛИШКОМ ВЫСОКАЯ САМООЦЕНКА

ОШУЩЕНИЕ ВНУТРЕННЕГО ПРЕВОСХОДСТВА НАД ДРУГИМИ, НЕПОМЕРНАЯ ГОРДОСТЬ И ЧРЕЗМЕРНО БОЛЬШОЕ ЧУВСТВО СОБСТВЕННОГО ДОСТОИНСТВА – ВСЕ ЭТО ПРОЯВЛЕНИЯ ОДНОЙ ИЗ БОЛЕЗНЕЙ НАФСА.

СРЕДСТВО ИСЦЕЛЕНИЯ

Для избавления от этого серьезного недуга человеку следует благодарить Аллаха за Его милости и щедроты и быть убежденным в том, что все блага, которые он имеет, были дарованы ему только из милости Аллаха к нему, а не из-за его заслуг.

Абу Бакир ар-Рази (да помилует его Аллах) пересказал мне прекрасное изречение, которое он услышал от Аль-Васыти: «Самое ненавистное для Аллаха – это когда человек непомерно горд самим собой и своими делами».

Фудайль ибн Ийяд (да помилует его Аллах) сказал: «Нет и толики скромности в том, кто видит в своем нафсе хоть какое-то достоинство». Когда же его спросили о скромности, он ответил: «Скромность – это полная покорность Всемогущему Аллаху и принятие истины, от кого бы она ни исходила».

Из книги «Болезни нафса и пути их избавления»

ДIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете йазвалар!

34 шо дIадаьлла СССР пачхьалкхехь дуьххьарлера бусалба динан газет «Исламан зIаьнарш» арадаьлла. Боккха хилам бара иза, Дела вац аьлла коьрта идеологи йолчу коммунистийн Iедал долуш бусалба газет арадалар. Газет арадолу шина маттахь: оьрсийн а, нохчийн а. ХIетахь дуьйна газетан агIонаш тIехь оха зорбатуху Iеламнехан хьехамаш, довзуьйту церан дахарх долу бакъдерш. Газето довзуьйту бусалба динан баххаш, вайн безачу нехан - эвлайаийн дахарх долу бакъдерш, вайн къоман хаза гIиллакхаш, Iадаташ. Иштта газетадешархойн аьтто хир бу халкъан турпалхой бовза, церан хьуьнарш довза.

Йазло «Исламан зIаьнарш» газете. Йазваларан мах: эхашарна – 360 сом, цхьана шарна – 720 сом.

Учредитель:
Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации

Куратор газеты Х-А. Ж. Кадыров
Основатель газеты М. Д. Заурбеков
Главный редактор Ф. М. Заурбекова

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
Телефон: 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori_islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928, Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать 23.07.2025 г. 15:00. Подписано в печать: 23.07.2025 г. 16:00. Заказ №_____ Газета отпечатана в типографии АО «ИПК «Грозненский рабочий». Адрес типографии: 364021, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35.
Индекс издания ПА882.

16+

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!